

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra téh mangrupa salasahiji bagian tina karya seni nu ngagunakeun basa salaku médiana. Ditilik tina wangunna, karya sastra téh kabagi jadi tilu tegesna puisi, prosa, jeung drama. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 22), puisi nya éta karangan anu basana dirakit ku wirahma, kauger ku diksi, ungkara kalimahna henteu lancar atawa lain cara basa sapopoé. Di antara wanda puisi téh nya éta rumpaka. Rumpaka nya éta téks lagu sarua jeung *lirik* (Ind), karangan anu alus dina wangun dangding, anu dimuatna mangrupa karya sastra, sakapeung sok dipaké rumpaka tembang (Iskandarwassid, 2010, kc. 128).

Kekecapan dina rumpaka téh sakapeung mah matak pikabungaheun, atawa sabalikna pikasediheun. Éta hal téh sarua siga karakteristik puisi (sajak lirik), sakumaha nu diungkapkeun ku Luxemburg (1989, kc. 175) yén puisi (sajak lirik) téh bisa dianggap rumpaka, pon kitu ogé sabalikna. Puisi (sajak) lirik, nya éta puisi (sajak) anu ngagambarkeun rasa panyajakna jeung teu ngalalakon (Mustappa, 2014, kc. 59).

Lantaran puisi (sajak) lirik mangrupa bagian tina karya sastra, ku kituna puisi téh raket patalina jeung konsép mimésis atawa titiron kahirupan manusa. Éta hal téh luyu jeung pamadegan Watt (dina Faruk, 2013, kc. 4), nu nyebutkeun yén sastra téh minangka eunteung tina kahirupan masarakat. Dumasar kana éta hal, bisa dicindekken yén dina unggal wangun karya sastra téh geus tangtu ngandung sajumlahing ajén-inajén, sakumaha ajén-inajén nu lumaku dimasarakatna.

Di antara ajén-inajén nu remen nyangkaruk dina karya sastra nya éta ajén sosial. Ajén sosial téh nya éta hiji hal anu dianggap alus, luyu, jeung mantes nu ayana dicita-citakeun sarta dipikahayang ku balaréa, nepi ka manusa salaku mahluk sosial téh bisa terus miboga hubungan jeung manusa séjénna dina ngawujudkeun cita-cita (Setiadi jeung Kolip, 2011, kc. 6).

Salasaurang pangarang Sunda nu kawéntar ku rumpaka-rumpakana nu pinuh ku ajén sosial nya éta Wahyu Affandi atawa nu katelah Doel Sumbang. Ku

lantaran éta hal ogé, ku produserna sorangan, tegesna Handoko Kusumo, Wahyu Affandi téh dilandi ‘sumbang’, nu tangtuna lain harti saenyana. Kecap ‘sumbang’ dina ngaran dirina mangrupa gambaran tina karya-karyana nu pinuh ku rupaning ajén sosial, nepi ka karasa ‘sumbang’ saupama didéngékeunana.

Supaya dina ngaguar ajén sosial nu nyangkaruk dina éta rumpaka téh leuwih anteb, ku kituna perlu dianalisis heula struktur pangwangun éta rumpaka. Culler (dina Pradopo, 2012, kc. 120) nétélakeun yén saupama hayang maham sajak, kudu merhatikeun hubungan atawa patalina unsur-unsur salaku bagian tina *keseluruhan* éta sajak.

Teu saeutik mémang panalungtikan nu ngaguar ngeunaan rumpaka di Departemen Pendidikan Bahasa Daerah UPI, di antarana dina taun 2015, ku Isna Asri Rahmi, nu nalungtik rumpaka tembang kalayan judul “Rumpaka Tembang Pasantren Hariring Dangding Cigawiran Karya K.R. Iyet Dimiyati ulikan struktural jeung semiotik”. Dina éta panalungtikan, Isna museurkeun ulikanana kana struktur jeung semiotik tina unggal rumpakna. Lian ti éta, objék ulikan nu ditalungtik ku Isna mangrupa karya sastra buhun, béda jeung ieu panalungtikan nu ngulik karya sastra dina warna kiwari.

Dina taun nu sarua, panalungtikan séjénna ngeunaan rumpaka dilaksanakeun ku Nevia Dwi Putri Junaedi, Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah UPI, kalayan judul “Kajian Struktur jeung Sémiotik kana Rumpaka Panambih Sanggihan Mang Engkos pikeun Bahan Pangajaran Rumpaka Kawih di SMA”. Teu béda jauh jeung hasil panalungtikan Isna, dina ieu panalungtikan, Nevia museurkeun ulikanana kana struktur jeung semiotik unggal rumpakana. Kitu ogé jeung objék ulikanana nu sarua dina warna heubeul, sarta hasil éta panalungtikan satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran.

Lian ti éta, aya ogé panalungtikan saméméhna nu patali jeung ieu panalungtikan, tegesna mah ngeunaan rumpaka lagu Doel Sumbang. Éta panalungtikan téh dilaksanakeun ku Niknik Dewi Pramanik, Mahasiswa Pascasarjana Program Studi Pendidikan Bahasa dan Budaya Sunda UPI (2013), kalayan judul “Rumpaka Kawih Wanda Pop Sunda Karya Doel Sumbang: Ulukan Semiotik jeung Ajén Moral”. Dina éta panalungtikan, Ninik Dewi Pramanik

ngaguar rumpaka kawih Doel Sumbang nu museur semiotik jeung ajén moralna. Deui-deui, najan sarua objék ulikan ieu panalungtikan jeung Niknik, tapi nu diulikna mah béda tegesna lebah ajén moralna.

Dumasar kana pedaran di luhur, antara panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan téh teu sarua boh dina objék panalungtikanana boh dina hal nu ditalungtikna. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “*Kajian Struktur jeung Ajén Sosial kana Rumpaka Lagu Pop Sunda Karya Doel Sumbang*” ieu téh perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang mangrupa salasahiji wanda puisi dina kasusastraan Sunda. Rumpaka-rumpakana pinuh ku ajén sosial nu nyangkaruk dina kagemblengan struktur puisina. Ku kituna, dina ieu panalungtikan baris diwatesanan kana stuktur rumpaka jeung ajén sosialna.

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu nyusun ngarumuskeun masalah saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang?
- 2) Ajén sosial naon waé nu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, nu rék ditétélakeun di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung rumusan masalah nu geus dipedar saméméhna, tujuan umum ieu panalungtikan téh nya éta pikeun ngaidéntifikasi struktur puisi rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang, pikeun ngadéskripsikeun ajén sosial nu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur puisi rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang;
- 2) ajén sosial anu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dilaksanakeunana ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré mangpaat, boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré mangpaat pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan struktur puisi sarta ajén sosial nu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat saperti di handap.

a) Pikeun Masarakat

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pieunteungeun sangkan leuwih nyadarkeun masarakat kana ajén sosial nu lumaku di masarakat, nu antukna masarakat bisa leuwih ngajaga tur maham ajén sosialna.

b) Pikeun Panalungtik

Pikeun Panalungtik ieu panalungtikan bisa nambahan élmu anyar dina ngaidentifikasi struktur puisi sarta méré informasi anyar ngeunaan jenis-jenis ajén sosial nu nyangkaruk dina lagu pop Sunda karya Doel Sumbang.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I mangrupa bubuka, eusina ngébréhkeun ngeunaan kasang tukang tina masalah nu ditalungtik, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tioritis jeung praktis dina ieu skripsi.

Dina bab II eusina tiori-tiori ngeunaan struktur sarta ajén sosial dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

Dina bab III eusina ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh métode panalungtikan boh prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta analisis data.

Dina bab IV eusina ngeunaan déskripsi hasil panalungtikan, anu ngawengku medar ngeunaan kajian struktur jeung ajén sosial dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang. Nu pamungkas bab V, didéskripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil analisis, implikasi sarta saran ka nu maca.